ISSN 0207-6551
9
2021



6+

Гъэ еджэгъуэщIэм щIидзащ.
ФIыуэ феджэ, фехъулIэ!



БЭЧБО-ШЫПЩ Залинэ

# САБИЙХЭМ, МАРЖЭ, ФАХУЭСАКЪ!

Пынащ вагъуэщIэ уафэ джабэм,
Дунейм сабий, мис, къытехьащ.
И тыгъэщ ар ди тхьэшхуэ лъапIэм,
Насып, гуфIэгъуэ къыздихьащ!

Ар къуалэбзум кърагъэблагъэу
Нэхущ уэрэдыр къыхураш.
Удз зэмыфэгъухэр, зэщIэгъагъэу,
Дыгъэ нэбзийхэм зыхухаш.

Ар мылъкуу щыIэм я нэхъ лъапIэщ,
Ар псэуэ тIутым я нэхъ IэфIщ.
Я нэхъ гу пхъашэр ещIыр щабэ,
Ар уиIэ хъуам – уи гъащIэр хуэфIщ.

Сабийщ дунейр зэтезыIыгъэр,
ИреIу нэхъыбэу дыхьэшх макъ.
Сабийщ къезытыр гъащIэм гугъэ.
А цIыкIухэм, маржэ, фахуэсакъ!

ШЭРIУЖЬ Аслъэн

## ФОКIАДЭМ И 1-М

Ди школ куэбжэшхуэр нобэ зэIухащи,
ФокIадэм и 1-м цIыкIухэр зэхуосыж.
Зыгъэпсэхугъуэ пIалъэр иухащи,
БлэкIа гъэмахуэр тхыдэм щыщ мэхъуж.

ЩIэщыгъуэщ гъэ еджэгъуэм и махуэшхуэр,
ГуфIэгъуэр пщащэ цIыкIухэм я нэгу къощ.
Зэраншу гупми зрачащ щIалэшхуэу,
МыкъуейщIеижу ахэри къытфIощI.

Я нэгум нобэ щIэкIыр щыпэлъагъуу,
Яхэтщ абы нэхъ цIыкIуу дыгъэ гуп.
АнэIэр зэщIакъуэзэу, я щхьэр лъагэу
Япэ лъэбакъуэ щачыр школ утыку.

ЩIэныгъэм и еджапIэм нэр къыхуикIыу
Дашат дэ япэ классым и чэзум.
Ди нэгум егъэджакIуэр щIэт зэпыту,
Дохь гъащIэр. Школ уэзджынэр гум щозу.

ЩIэблэ гъэсэныр зи IэщIагъэ хъуахэм,
Сывэхъуэхъуну мыр сэ фхузоус.
Япэ лъэбакъуэ школым щызычахэм
Фэ сывохъуэхъур: «ЩIэныгъэпсэ фыхъу!».



ХЬЭМЫРЗЭ Мадинэ

* * *

Си дэлъху цIыкIухэ!
Си шыпхъу цIыкIухэ!
Си гур нобэ хывогъахъуэ,
Сабий сад къэзыухауэ
Школым кIуэхэм
Сыфхуохъуахъуэ:
ФIыуэ школым фэ фыщеджэ,
Садым фыхуемыплъэкIыж,
«Сыджэгуам нэхъыфIти»,- жыфIэу,
ЦIыкIухэ, фемыхъуэпсэкIыж!
НывжыдоIэр дэ: «Гъуэгу махуэ!»,
Фэ щIэныгъэм хухэфш лъагъуэ.



# СЭ АНЭДЭЛЪХУБЗЭКIЭ СЫПСЭЛЪЭНУ СЫХУЕЙЩ



***ХЪУТIЭ Алия,*** *бзэхэм щыхурагъаджэу Псыхуабэ дэт университетыр къиухащ, Вильнюс щыIэ бзэ щIэныгъэхэм я фирмэм ирагъэблэгъауэ абы щолажьэ. «Бзэм хуууIэ гулъытэр дэнэ къыщежьа?», – жыфIэмэ, абы и жэуапыр мыращ: «Алия* ***ЩоджэнцIыкIу Алий*** *и пхъурылъху тхакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор* ***ХьэкIуащэ Мадинэ*** *ипхъущ, и адэшхуэр филологие щIэныгъэхэм я доктор* ***ХьэкIуащэ Андрейщ****».*

Адыгэм фIэфIкъым *(нэр изыщI)* цIугъэнэр, *(гур хэзыгъэщI)* гуемыIу псалъэр, *(ауан пщыхъу)* тафэтелэр. Адыгэм и зыIыгъыкIэм къару щэху хэлъщ, и псэр щхьэхуитщ.

Сэ хамэбзэ зэзгъэщIауэ сропсалъэ, ауэ ар къыздалъхуакъым. А хамэбзэр жьэнахуэIуэщ, ар сысейкъым. Сэ сызэрыгупсысэр щIагъыбзэ зыщIэлъ си анэдэлъхубзэрщ. ПщIыхьэпIэ зэрыслъагъури, хъуапсапIэ зэрысщIри, тхьэм сызэрепсалъэри си анэдэлъхубзэращ!

Си бзэр хызолъагъуэ адыгэ джэгум: къызэдэфитIым псалъэ зэжрамыIэу, я гурыщIэр зыбзыщI япкъхэр зэлъэмыIусу, ауэ псэкIэ зэрыIыгъыу къызэдофэ.

Iэнэм щызокIуэ си адыгэбзэр. Абдеж къыщапсэлъхэракъым ар зыхэлъыр, атIэ Iэнэ хабзэ щысыкIэрщ, псалъэ къудей жызымыIэу абы ящхьэщыт щхьэгъэрытым хэлъ щыпкъагъэрщ, нэхъыщIэр нэхъыжьым зэремыдауэрщ, хъуэхъу жызыIэм пщIэуэ лъысырщ.

Си анэдэлъхубзэр хэлъщ хьэщIагъэм. Зы хьэщIэ закъуэм къыгурыIуэ бзэкIэ псэлъэнущ цIыхуипщIри, тIощIри. ХьэщIэм Iэнэ жьантIэр лъысынущ, стIолтепхъуэ нэхъ лъапIэр хутраубгъуэнущ, хьэкъущыкъу нэхъыфIымкIэ шхын хуахьынущ, пIэ нэхъ щабэр щыхуащIынущ пэш нэхъыфI дыдэм. А псом хьэщIэм гу лъимытэнкIэ, а унагъуэр фIыуэ яIэмкIэ къызэрыхуэупсар зэи къимыщIэххэнкIэ хъунущ. Абы къикIыркъым адыгэм хьэ-





щIэм зыхуагъэщIагъуэу е еубзэу. Абы къикIыр нэгъуэщIу щыт зэрымыхъунурщ.

Адыгэбзэр дахагъэм и бзэщ: сыт ищIысри нэщIысауэ, зэкIужу, щыпкъагъэм и къупхъэм имыкIыу зэпIэзэрыту щытын хуейщ. Ар нэсу нэдмыджысыфмэ дигу къоуэ, ауэ аращ дызыгъэбауэр, хэкум дыщыпэIэщIэм и деж дызыгъэусэр, уэрэд дэзыгъэтхыр, фIыгъуэ нэхъ лIапIэ дыдэ тхуэхъур!

Пщlэ-нэмысым и бзэщ. ЩIы хъурейр дыгъэм къызэрекIэрэхъуэкIыр – хьэкъщ. Хабзэр тхэлъынри – хьэкъщ.

Усабийуэ а бзэр къыпIуралъхьакъэ – зэи пщыгъупщэжынукъым. Пщызымыгъэгъупщэнур абы пкърылъ хабзэрщ. Бзэ дапщэ зумыгъэщIами, а псор уэ зэрызыхэпщIэнур уи бзэрщ, ар нэгъуэщIыбзэхэмкIэ зэбдзэкIыжу аращ. Сабийхэм егъэджакIуэншэу, джэгукIэ-зэхэтыкIэкIэ хамэбзэ зэрызэрагъащIэм хуэдэу, дэри хабзэр къызыхэтхыр дызыхэт гъащIэрщ, абы еджапIэхэм дыщыхурагъаджэркъым.

Хабзэр тхылъкIэ пхузэгъэщIэнущ, ауэ абы псэ Iутынукъым. Бзэми ухуеджэфынущ, ауэ пхузыхэщIэнукъым. Ар пхэлъын хуейщ.

Анэдэлъхубзэ зыхэзымыщIэу къэхъу сабийр ибэ пэлъытэщ.

*АБРОКЪУЭ Беллэ*

# БЗЭГЪЭКЪАБЗЭ

**Цlыкlухэ, фэрэ дэрэ нобэ тlурылъ ди анэдэлъхубзэр тlэкlу гукъыдэмыжщ, йощlэкъуауэ, зэми хощэlукl. Ар къызыхэкlыр фщlэрэ? Абы хуэгъэтклукъым урысыбзэ псалъэу дэ бзэм хэдгъэхьа къомыр.**

***Фэ фщыщ куэдыр зэрыпсалъэр мыпхуэдэущ:***

«Уже кlыфl мэхъу. Мо холодильникым дэт спрайтымрэ попкорнымрэ къащти прихожэм накlуэ, брат, телевизорышхуэмкlэ мультик деплъынщ».

Мыбы урыс псалъэу хэтырелъ! Адыгэбзэкlэ ахэр тхузэхъуэкlыну пlэрэ?

«Кlыфl мэхъу. Мо щlылъэм дэт псыlэфlымрэ нартыху гъэпlэнкlамрэ къащти пэlущlэм накlуэ, къуэш, телевизорышхуэмкlэ таурыхъхэм деплъынщ».

Зы урысыбзэ псалъэ къэнащ. Ар дауэ зэвдзэкlынт? Фэри дэри девгъэгупсыс.

Куэдрэ къэдгъэсэбэп урыс псалъэхэр зэвдзэкlи псалъалъэ зэхэвгъэувахэр къытхуевгъэхь, фи цlэ-унэцlэ щlэтхауэ. Дэ дигу ирихьхэр къытеддзэнущ, гуфlапщlи пэдгъэкlуэнущ.

* * *

***Шыбзыхъуэ Астемыр** журналистщ, адыгэ lуэху куэд зылэжьу лъэпкъым хуэпсэухэм ящыщ зы щlалэфlщ. Ар хуабжьу ирогузавэ адыгэбзэм и lуэхум. «Нурым» ди хьэщlэщ.*

**Шыбзыхъуэм:** – Урысыбзэ псалъэхэр хэмытмэ адыгэбзэ къабзэкlэ дыпсалъэ ди гугъэжу, ауэ адыгэбзэм и псалъэ диlэхэм япlэкlэ тыркубзэм, хьэрыпыбзэм къахэкlа псалъэхэмкlи дызэпсалъэу йокlуэкl. Ар емыкlущ. Гуемыlущ ди псалъэухахэм куэдрэ къызэрыхыхьэр «ну, уже, даже» псалъэ купщlэншэхэри. Си **псалъалъэм** щыщу зымащlэ мыбдеж щытыдодзэ. Къызэрыфщыхъур, фэ фи еплъыкlэр къэфтх.

Белджыдылы – lупщl, наlуэ
Бащлъыкъ – щхьэрыхъуэн, е щхьэрыпхъуэн
Брат – къуэш
Гуэныхь – псэкlуэд
Дачэ – хадэ лей
Жэрдэм – гупыж
Зытlэщlын – зыупхъэхын
Кlэнфет – lэфlыкlэ
Кlэструл – вэпхъалъэ
Къэрэгъул– хъумакlуэ, плъыр
Лампl – уэздыгъэ
Лафкlэ, тыкуэн – щапlэ
Мэрожнэ – шэlумыл
Нерв – псантхуэ
Нықъусаныгъэ – щыщlэныгъэ
Парикмахер – мажьэтегъащхьэ
Птулъкlэ – барщыбэ, пэщыбэ
Рюкзак – плlэрыдзэ
Сагъындакъ – шабзалъэ
Сэломэ – хьэуазэ
Семышкlэ, сэхуран – дыгъэгъазэ
Сеныч – мафlэдз
Спасибэ – упсэу
Стlол – lэнэ
Си хъыджэбз – си къэшэн, си lэщхьэ
Таж – щхьэмэlу
Тебэ – жьэпхъалъэ
Толъкъун – кlурий, хыкlурий, псышу
Чэнджэщ – упщlэж

Зыгъэхьэзырар **ХЬЭЛИЛЭ Миланэ**

# АДЫГЭМ ДИ ВАГЪУЭЩІЭХЭР ДЭНЭ ЩІЫПІИ ЩОБЛЭ



*Иордание къэралым къыщалъхуа* ***Бищlо Iиман*** *илъэситl ныбжьым щитым уэрэд кърихьырт, илъэсих щрикъуам италыбзэкlэ ариехэр игъэзащlэрт.*

Япэу хъыджэбз цlыкlур зыхэтар я щlыналъэм щекlуэкlа, уэрэджыlакlуэ ныбжьыщlэ цlыкlухэм я зэпеуэрщ. Абы щыгъуэ псоми хьэкъ ящыхъуат Iиман макъ телъыджэ зэриlэр. Илъэсий щыхъум ар хэтащ Хьэрып Къэралыгъуэ Зэгуэтхэм (ОАЭ) щекlуэкlа зэпеуэшхуэм. Абы кърихьэлlахэм къахэкlакъым Бищlом къыпэхъун. 2007 гъэм, Иорданием и Щхьэхуитыныгъэ махуэшхуэм, а къэралым и пащтыхь Абдалла е-II-нэм адыгэ пщащэ цlыкlум тыгъэ хуищlащ «Зэфlэкlышхуэ зэриlэм папщlэ» дыщэ медал. Къыкlэлъыкlуэ гъэм сабийр и адэ-анэм США-м яшащ «Америкэм талант къелъыхъуэ» и фlэщыгъэцlэу, къэрал куэдым къикlа сабий цlэрыlуэхэр зыхэта зэпеуэм. Интернетым щызэlэпахыр Iиман абы щиlа ехъулlэныгъэр зыгъэлъагъуэ видео – Пуччини и «Турандот» оперэм щыщ пычыгъуэ. Жюрим хэсхэр хьэщыкъ къищlат, финалым нэсри саугъэт лъапlэри къратат адыгэ пщащэм!

Нэгъабэ «Адыгейм и вагъуэ цlыкlухэр» зыфlаща къэралщlыб зэпеуэ ин зэхэтащ. Уэрэд жыlэным, хореографием, лъэпкъ Iэмэпсымэхэм макъамэ къигъэкlыным иризэпеуат ныбжьыщlэу 500-м щlигъу *(США-м, Германием, Тыркум, Израилым, Молдовэм, Румынием, Беларусым, нэгъуэщl щlыналъэ куэдми щыщу).* Зэхьэзэхуэм и саугъэт нэхъыщхьэр – Гран-при – хуагъэфэщащ Бищlо Iиман. Зэпеуэм абы щигъэзэщlат уэрэдитl: адыгэбзэкlэ «Истамбылакlуэр», италыбзэкlэ уэрэджыlакlуэ цlэрыlуэ «Карузо и фэеплъ» уэрэдыр.

Iиманхэ я унагъуэр иджыпсту Америкэм и Флоридэ штатым щопсэу. «Сэ уэрэджыlакlуэ е ветеринар сыхъуну сыщlохъуэпс», – жеlэ абы. Iиман дехьэх къэфэным, псы ерсыным, теннисым. Къэрал куэдым зи цlэр щыlуа хъыджэбз цlыкlур мы мазэм, фокlадэм и 18-м, илъэс 13 ирикъунущ. Шэч къытетхьэркъым адыгэу дунейм тетыр дызэрыгушхуэн, куэдрэ дызыгъэгуфlэн артисткэ щэджащэ ди лъэпкъэгъу пщащэ тхьэlухуд цlыкlум къызэрищlыкlынум.

***МЫЗ Ахьмэд***

Егъэджакlуэхэм папщIэ



Easy_adygebze

## ХадэхэкIхэр










# АДЫГЭБЗЭР ТЫНШУ ЗЫДОГЪАШIЭ

*Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым инджылызыбзэмкIэ щрегъаджэ бзэ щIэнызгъэлI Iээ, **easy_adygebze** интернет-напэкIуэцIыр къызэзыгъэпэща **ДЗАСЭЖЬ Ларисэ.** Ар «Нурым» ди хьэщIэщ.*

## Си IэщIагъэм езым сыкъыхихащ

Дзэлыкъуэдэс сыкъыщалъхуащ, сыкъыщыхъуащ. IэщIагъэр къыхэсхакъым, езым сыкъыхихам нэхъ ещхьщ. Сызэрысабийрэ тхылъ еджэныр зыхэслъхьэ щыIэтэкъым. Нэхъуеиншэу сызэджэ тхылъхэр зэмыдзэкIауэ, ахэр зэратха бзэхэмкIэ седжэфыну сыхъуапсэрт. Аращ ди университетым и инджылызыбзэ къудамэр къыщIыхэсхари. Си анэри, си анэшыпхъури егъэджакIуэщ, абыхэм щапхъэ ятесхауи къыщIэкIынщ. 2002 гъэм университетыр къэзухри, кафедрэм егъэджакIуэу сыкъагъэнауэ абы сыщолажьэ.

## Дамэ къыстригъэкIат!

Зэгуэрым Бытырбыху я тхылъ щапIэ гуэрым сыщIэтт, инджылызыбзэм хуезыгъаджэ тхылъхэм, карточкэ гъэщIэрэщIахэм сеплъу. Абдеж сигукIэ жысIащ: «Адыгэбзэр иридджыну диIарэт мыпхуэдэ гъэщIэгъуэнхэр». Куэдрэ зызмыIэжьэу адыгэ хьэрфхэр тыншу зэрызэбгъэщIэн апхуэдэ карточкэ дахэхэр згъэхьэзыращ, ауэ селэжьыну зэман сыздимыIэм, а Iуэхур сIэпыхужри зэмани дэкIыжащ.

## Сигу ирихьа сайтыр: Wordwall

Узыфэ къежьам ди лэжьапIэ IэнатIэхэм пэIэщIэ дыщищIым унэм сыщIэс зэпытт, хущIыхьэгъуэ згъуэтати, а лэжьыгъэ никъуэщIыр сыублэжащ. Сабийхэр къыдэсхьэхын папщIэ интернет ресурс куэдым сыхэплъащ, ауэ нэхъ сигу ирихьар Wordwall сайтыращ. Абы урилэжьэну тыншщ, 30-м нэсу интерактивнэ лэжьыгъэ уегъэщI, икIи ахэр тхылъымпIэм тебдзэу урокым къыщыбгъэсэбэп хъунущ.

## Easy_adygebze напэкIуэцI

Мыр къыщIызэзгъэпэщар зыщ – интернетым бзэ зэгъэщIэныр тынш, гъэщIэгъуэн щысщIынырщ. ГаджеткIэ дызэджэ Iэмэпсымэхэр гъащIэм и Iыхьэ хъуащ. Ахэр сабийхэм къатедмыхыу, демышхыдэу – ирилажьэу едгъасэмэ, аращ си лэжьыгъэм и мурадыр. *Мыбы ищIагъым щыплъагъунущ **easy_adygebze** сайтым и лэжьыгъэхэм щыщ зыбжанэ. Ахэр щIыж.*

*Уигу ирихьмэ, еплъ, уи адыгэбзэм зегъэужь:* https://linktr.ee/LaraDzasezh

Адыгэбзэм елэжьыныр сэркIэ тыншкъым, сэ зыхуезгъаджэр инджылызыбзэрщи. Куэдым сызэрыхуейм хуэдэу фIыуэ хэсщIыкIкъым. Ауэ адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэ куэд къыздоIэпыкъу, дызочэнджэщ. НапэкIуэцIым зэрызиужьыр абыхэми я фIыгъэщ, фIыщIэ гуапэ яхузощI!

## Чэнджэщ

Нэхъыбэ блэжьыху уи гупсысэм нэхъ зеужь. Хамэбзэхэр зэгъащIэ, ауэ уи анэдэлъхубзэм нэхъапэ зэрыщымыIэр уигу игъэлъ!

| | | | | | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| І | Л | Е | С | С | К | Х | Ъ | У | Ж | Ь | А | Л | Ю | І | Б | Ь | Ц |
| Т | Х | І | Ф | Ы | Ш | Э | И | М | О | Е | Ъ | Ж | Ы | Э | М | С | Я |
| Х | Т | Ъ | З | Д | Е | У | Ц | А | П | Х | В | К | Е | П | Ы | Ы | М |
| О | І | С | Э | Ы | У | Я | К | М | Р | Ъ | Й | З | Й | Э | Б | У | Э |
| П | А | И | А | У | І | П | Е | К | З | Т | Ы | И | Ш | З | Ь | Б | Р |
| І | М | Э | Ъ | Н | А | Щ | Ю | Ъ | Ь | Д | Л | Ж | Д | Э | Т | Г | А |
| І | Ы | М | Е | Э | Э | Н | Х | У | Ч | А | Р | Ы | С | К | І | Х | К |
| Ю | Ш | Ы | С | Р | Д | П | З | Т | Б | Ю | Ф | З | Ф | Ъ | А | Ъ | І |
| Х | Б | І | Я | Ф | Я | Ф | У | І | Ц | Г | М | У | Р | У | М | У | У |
| Д | И | Э | К | Ц | Й | Ы | Б | Н | А | Т | Г | М | Э | Э | Ы | Р | Э |
| В | Х | Р | Х | Н | Т | І | А | М | Ы | Г | Ъ | У | Э | Т | П | М | І |
| Ш | Ь | Ы | Д | А | П | С | М | К | В | У | Л | Ю | В | З | Л | Э | Э |
| И | Э | С | Н | Р | Х | У | Э | Р | Э | Д | Ж | Э | І | О | Ъ | В | Р |
| И | Й | Э | У | Ы | А | Ш | Щ | Ф | Ъ | Ю | Л | К | Ю | Ф | Ь | П | Ы |
| Я | У | Ж | З | Й | Ж | З | Ц | Ь | Н | П | З | Б | А | Л | Ф | М | С |
| І | Э | В | У | К | Ъ | Ы | П | Ц | І | Э | М | Х | Е | З | Й | Щ | Э |
| А | Л | Л | Н | О | М | Э | Р | А | К | І | У | А | П | Ц | І | Э | З |
| Ц | С | Ж | Й | К | Ъ | Ы | Ц | Э | Ш | Х | Ъ | А | Р | Б | Ы | З | Ы |




*КЪАШЫРГЪЭ Фатимэ*



## ТХЫЛЪХЭР СЫТЫМ КЪЫХАЩІЫКІРЭ?

Зы хуей дахэ гуэрым пхъэхуей хужь цІыкІу къыщыкІт, езым и лъэпкъэгъу жыгхэм ящІыгъуу.

– Дыгъэм зыхуэший, зыужь, хэхъуэ, – къыжриІэрт и анэм.

– Сыт щхьэкІэ?

– Ин ухъумэ, стІол е шэнт дэгъуэ ухъуфын щхьэкІэ.

– Къыстесыну, къыстешхыхьынуІауи? Сыхуейкъым!

– НтІэ, шыкІэпшынэ ухъунщи, макъамэ дахэхэр къипшынщ.

– Апхуэдэуи сыхуейкъым! – пхъэхуей ерыщ дыдэт ар.

– Таурыхъ телъыджэхэр, щІыналъэ жыжьэхэм я хъыбархэр, къэхъукъащІэ гъэщІэгъуэнхэр жыпІэжу ухуейт атІэ?

– Мис ар нэхъ сигу ирохь! – гуфІащ пхъэхуейр.

Зы тэлай дэкІауэ жыгхэр тхылъымпІэ щащІ фабрикэм яшащ. Ахэр яущыкъуейщ, псы хакІэжри хъудырым *(кашэм)* ещхь хъуащ. ПІащІурэ зэтраугуашэщ, ягъэгъущыжри, ар тхылъымпІэ хъуащ. Напэ зырызурэ зэпаупщІыжар тхылъ тедзапІэм яшащ. Хьэрфхэр традзэщ, сурэтхэр иращІыхьыжри тхылъ дыдэ къыхэкІащ – таурыхъхэр, къуажэхьхэр, хъыбар гъэщІэгъуэнхэр иту. АтІэ ар зэгуэр пхъэхуей зэкІужу щытащ!

## КЪУАЖЭХЬ

**Вагъэр* хужьщ, жылэр фІыцІэщ.**

(Тхылъ)

Зыгъэхьэзырар КЪАМБОТ Марианнэщ

* Вагъэ – пашня.

**Мысачэ Мурат**

# Джэгуакlуэмрэ Шейтlанымрэ-2

*(Си адэ Мысачэ Петр фэеплъ хузощl)*










Уи тхьэкlумэхэр тесхынущ. Уэ цlыху цlыкlужьейхэр щыбгъэскlэ абы я кlий-гуо-гъуэг макъхэр щlызэхэпхын щыlэкъым. Я бжьамий макъри зэхыумыхмэ нэхъыфlщ…
Еуэ, лъатэ, си бзу бгъэгулъ!
Уэдыдыд! Мы Емынэ гъуэзыр дэнэ къыздикlар?!


– Ей, сыту фыахьмакъ фэ! А фи фочышэ джэш хьэдзэхэм си щIыфэр ягъэкIылыну арощ, хьэ-хьэ-хьэхь… Е уасэ къызэфтынщ, е яжьэ Iуащхьэу фызэтезгъэсхьэнщ!
- Ей, Емынэгъуэз, дыкъафэрэ?
- Ухуеймэ, нэху щыху епщэ а уи бжьамийм, Джэгуа-кIуэ фасикъ! Сэ тхьэкIумэ стеткъым. Сыкъыпхуэгъэфэнукъым!


Джэгуакӏуэм и ӏэщэр мэгъу бжьамийрати
зыри хуэщӏакъым. Благъуэм мафӏэ иридзащ
жылагъуэм.
Зич! Щӏэпхъуэ!
Укъысӏэрыхьэмэ,
уи пэр хэзудынщ.
– Умыпӏащӏэ. Сэ
зыгуэр къэзгуп-
сысынщ. Ды-зэ-
хуэзэ-жынщ!!!
– Хьэуам къыхоӏукӏ:
«Пелуан щыӏа-а-ащ!!!»
Джэгуакӏуэр йо-
гупсыс: «Сэ пелуа-
ныншэу абы сы-
пэлъэщынукъым.
Дэнэ къисхыну?»



Макъым: «Іуащхьэмахуэ и Іуащхьит! зэхуакум щожей илъэс мин хъуауэ зы нарт. Ар къэгъэуш!!!»
– Сиш щхьэмыгъазэ, уэ мо Іуащхьэмахуэ удэкІыфынкъым. Абы и лъапэ щыхъуакІуэ, къызэжьэ.
КъыкІэлъыкІуэнущ

*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ*
*ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ*
*«НУР»*

Издается
С 1 января 1982 года
**№ 9 2021 г.**

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
*Б. М. АБРОКОВА*

Художественный редактор
*М. ХАЛИЛОВА*

Компьютерная вёрстка
*Н. РАСТОРГУЕВОЙ*

Корректор
*Ф. КАШИРГОВА*

Редакционный совет:
*Х. КАРМОКОВ*
*Е. ТХАМОКОВА*
*Х. ТИМИЖЕВ*
*Н. ХАТУЕВ*

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати 24.08. 2021 г.
Выход в свет 23.09. 2021 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, AdLibBT
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 1437 экз.
Заказ № 2042
Индекс П5896

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 15,19 руб.; за 6 мес.– 91,14 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017,
г. Нальчик, пр. Ленина, 5.
ГКУ «КБР-Медиа».
Дом печати.

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион», 357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.



**Фокlадэм и 1-р ди республикэми, къалащхьэу щыlэм я нэхъ дахэ Налшыки я махуэшхуэщ**

*АБРОКЪУЭ Беллэ*

## Си Налшык

Іуащхьэхэм я куэщіу,
Фlыгъуэ жьэгу мыкlуэщіу,
Зи щlыгулъ lэмыщlэр
Мыщlэм пэсщl Налшык!
Уафэ нэзыр lупщlу,
Нэхущ бзийм илыпщlу,
Уи махуэщlэ къэщlым
Мывэ къыщхьэщытщ.

Дыщэ пыlэ щыгуу,
Мафlэ плъар и lэгуу
Нарт Сосрыкъуапцlэ
Уи скъар* уэгурытщ.
Ар зылъагъу ди щlэблэм
Мафlэ я гум щыблэу,
Бланэхэр хагъащlэу
Хэкум щыпэрытщ!

Уи пшыналъэ лъалъэм
Къакlуэр игъэлъапlэу,
Кlуэжым гупымыкlыу
Къызыхуигъэзэж,
Уи хабзэфlыр – фащэу,
Хьэщlэхэр уи напщlэу,
Си гущэкъу уэрэдыр
Къысхуогъэхуэбэж!

Щlылъэм и дахапlэу,
Напlэм щlэлъ lэпапlэу
Хьэтlохъущыкъуей хадэр
Уи псэм и курыхщ,
Гуащэlэпэм* и мэр
Къызыпих уи гъатхэр
Сызыгъатхъэ гъащlэу –
Сыуищхьэузыхьщ!

**Скъар – скульптурэ;*
**Гуащэlэпэ – мята.*

